

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan nu judulna “Kritik Sosial dina Carpon *Jeruk* karya Lugiena De (Ulikan Aspék Sosiologi Karya)” miboga tujuan pikeunnganalisis jeung ngadéskripsikeunaspék sosiologi karya nu ngawengku struktur carita, masalah sosial jeung kritik sosial. Objék nu digunakeun nyaéta carpon “Bagéa Pangsiun”, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”, “Kéncléng”, “Kananga”, “Panto”, jeung “Jeruk”nu aya dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitis.

Téma carpon “Bagéa Pangsiun” nyaéta rasa kabingung dina poé pangsiun, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran” miboga téma kadeudeuh anak ka nu jadi indung, téma carpon “Kéncléng”nyaéta krisis rasa simpatik masarakat di hiji lembur, téma carpon “Kananga” nyaéta kakangen hiji jalma ka purwadaksina, téma carpon “Panto” nyaéta kanyaah kolot ka anakna, jeung téma carpon “Jeruk” téh nyaéta rasa kapanasaran manusa anu kaleuleuwihi. Éta téma-téma téh lobana diangkat tina kanyataan hirup sapopoé manus. Carpon “Bagéa Pangsiun”, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”, “Kéncléng”, “Kananga”, “Panto”, jeung “Jeruk”miboga galur (awal, tengah, jeung ahir) nu sarua nyaéta galur mérélé, struktur tokoh, jeung latar (tempat jeung waktu) anu lengkep, jeung *logis*. Carpon “Bagéa Pangsiun”jeung “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”miboga judul nu aya patalina jeung latar waktu éta carita, carpon “Kéncléng”, “Kananga”, jeung “Jeruk”miboga judul anu aya patalina jeung barang-barang anu nyampak dina carita, sedengkeun carpon “Panto”miboga judul anu aya patalina jeung omongan tokoh dina carita. Carpon “Bagéa Pangsiun”, “Nu Rék Datang Mapag Lebaran”, jeung “Panto”miboga puseur implengan jalma katilu kawatesanan, carpon “Kananga” jeung “Jeruk”miboga puseur implengan jalma kahiji, sedengkeun carpon “Kéncléng”miboga puseur implengan jalma katilu teu kawatesanan.

Masalah sosial carpon “Bagéa Pangsiun” nyaéta masalah lingkungan hirup (lingkungan sosial), carpon “Nu Rék Datang Mapag Lebaran” miboga masalah sosial *disorganisasi* kulawarga, masalah sosial dina carpon “Kéncléng” nyaéta masalah ngarumpak norma-norma masarakat, carpon “Kananga” miboga masalah sosial cacah jiwa, masalah sosial dina carpon “Panto” nyaéta masalah kamalaratan, sedengkeun masalah sosial dina carpon “Jeruk” nyaéta masalah kajahatan.

Kritik sosial anu aya dina carpon “Bagéa Pangsiun” nyaéta kritik nu sipatna *simbolis*, kritik sosial anu aya dina carpon “Nu Rék Datang Mapag Lebaran” nyaéta kritik nu sipatna *interpretatif*, kritik sosial anu aya dina carpon “Kéncléng” nyaéta kritik nu sipatna *sindir*, kritik sosial anu aya dina carpon “Kananga” nyaéta kritik nu sipatna *jelas*, kritik sosial anu aya dina carpon “Panto” nyaéta kritik nu sipatna *simbolis* kritik sosial anu aya dina carpon “Jeruk” nyaéta kritik nu sipatna *jelas*. Kritik sosial nu nyampak ilaharna mangrupa kritik nu sipatna *simbolis* jeung *jelas*.

5.2 Saran

Aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra hususna carpon. Saran nu ditepikeun nyaéta pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, jeung masarakat umum.

Saran pikeun mahasiswa, nyaéta dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi jeung bacaeun hususna anu patali jeung ulikan struktural sarta kritik sosial.

Saran pikeun panalungtik satuluyna, nyaéta dipiharep aya deui panalungtikan nu nganalisis deui ngeunaan aspék séjéndina ieu kumpulan carpon, sangkan pangaweruh nu nyangkaruk di jerona bisa leuwih ngajembaran jeung loba mangpaatna.

Saran pikeun masarakat, dipiharep bisa jadi inpormasi ngeunaan kritik sosial jeung bisa numuwuhkeun karep masarakat kana karya sastra Sunda hususna carita pondok.

Mochammad Windi Bahari, 2018
KRITIK SOSIAL DALAM KUMPULAN CERPEN JERUK KARYA LUGIENA DE
(KAJIAN ASPEK SOSIOLOGI KARYA SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu